# BAS MAQALA

XXI ásir- intellektual áwlad ásiri

## ИНТЕЛЛЕКТУАЛ ӘЎЛАД - ДӘЎИР ТАЛАБЫ

**М.А.Жалелов** - *илимий ислер бойынша проректор*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

Бүгинги күни мәмлекетимизде саламат ҳәм нәўқыран әўладты тәрбиялаў, жаслардың интеллектуал ҳәм дөретиўшилик искерликлерин жүзеге шығарыў, оларды билимли, жетик инсан етип тәрбиялаў ушын кең мүмкиншиликлер жаратылмақта. Өсип киятырған жас әўладты халқымызға мүнәсип перзентлер етип тәрбиялаўда елимиздиң абаданлығын тәмийинлеўде, әлбетте, тәлим–тәрбияның орны айрықша.

Президентимиз И.А.Каримов «Тийкарғы ўазыйпамыз – ўатанымыз раўажланыўы ҳәм халқымыздың абаданлығын көтериў» атамасындағы шығып сөйлеген сөзинде: “Биз перзентлеримиздиң тек физикалық ҳәм руўхый саламат өсиўи, бәлким, олардың ең заманагөй интеллектуал билимлерге ийе, жетик раўажланған инсанлар сыпатында XXI әсир талапларына толық жуўап беретуғын нәўқыран әўлад болып ержетиўи ушын зәрүр барлық мүмкиншилик ҳәм шәраятларды жаратыўды өз алдымызға мақсет етип қойғанбыз”- деген еди.

Президентимиз тәрепинен келешек әўладтың тәлим-тәрбиясына берилип атырған бундай үлкен итибар педагог-хызметкерлерге үлкен жуўапкершиликти жүклейди. Бул ўазыйпаларды әмелге асырыў терең билим ҳәм тәжирийбени талап етеди.

Елимизде жаслар тәрбиясына айрықша итибар қаратылып, заманагөй билимлерди пухта ийелеген, еркин ҳәм жаңаша пикирлейтуғын, кәмил инсанларды тәрбиялаў мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтерилди. Усы мақсетте мәмлекетимизде билимлендириў тараўында басқышпа – басқыш, анық мақсетлерге бағдарланған жаңаланыўлар әмелге асырылмақта.

Мәмлекетимизде “Билимлендириў ҳаққында”ғы нызам ҳәм “Кадрларды таярлаўдың миллий бағдарламасы” жас әўладты камалға келтириўде, жетик кадрларды таярлаўда, жаслардың пухта билим алыўы ҳәм талантын жүзеге шығарыўында, жәмийетте өз орнын табыўында әҳмийети үлкен.

Талаба – жаслардың еркин пикирлеўи ҳәм оқып үйрениўин өзинде толық жәмлеген сабақлық, оқыў қолланбалар ҳәм оқыў лабораториялары олардың заманагөй билимин, көнликпе ҳәм тәжирийбелерин асырып, өз үстинде ҳәр тәреплеме излениўи арқалы раўажланған демократиялық мәмлекетлердеги теңлеслери менен беллесе алыў имканиятына ийе болды. Бәршемизге мәлим, жоқары мәнаўиятлы, әдеп-икрамлы пазыйлетлерге ийе, илимли, пидайы мийнет етиўге таяр жаслар жәмийеттиң бийбаҳа байлығы ҳәм тийкарғы күши болып, олар сөзсиз раўажланыў негизине айланады.

“Күш – билим менен әдалатта” екенлигин шын кеўилден сезген талаба жасларымыздың арасынан көплеген Өзбекистан Республикасы Президенти стипендиясы ҳәм белгили адамлар атындағы стипендия жеңимпазлары жетилисип шықпақта.

Елимизде шет тиллерин оқытыў системасын және де раўажландырыў бағдарламасы шеңберинде улыўма билим бериўши мектеплердиң 1-класынан баслап шет тиллерин терең үйретиў жолға қойылды. Шет тиллерин үйрениў арқалы жас әўладтың дүнья илими ҳәм мәдениятының жетискенликлерин үйрениўге кең жол ашылды. Президентимиздиң 2012-жыл 10-декабрьдеги “Шет тиллерин үйрениў системасын және де жетилистириў ис-илажлары ҳаққында”ғы қарарына муўапық кең көлемли режелер тийкарында басқышпа–басқыш әмелге асырыў бойынша семинар-тренинглер, илимий конференциялар өткерилип, үлкен жумыслар әмелге асырылмақта. Усы бағдарда жоқары оқыў орынларында билимлендириў системасының хабар коммуникация технологияларынан ҳәм хабар ресурсларынан толық пайдаланыў жумыслар кең түрде жолға қойылды.

Соны да айтып өтиў керек, бүгинги күнде талаба-жаслардың оқыўдан тысқары ўақытларын пайдалы ҳәм мазмунлы өткериў, олардың қызығыўшылығы ҳәм қабилетин және де асырыў мақсетинде ҳәр түрли спорт, пән дөгереклери, клублар жумыс алып бармақта.

Мәмлекетимизде жаслар сиясатын избе-изликте әмелге асырыў ҳәм жас илимпазлардың илимий изленислерин жүзеге шығарыў ушын мүмкиншиликлер жаратыў мақсетинде шөлкемлестирилген жас илимпазлар ҳәм талабалардың қатнасыўында “XXI әсир - интеллектуаль әўлад әсири” ураны астындағы конференция кең пикирли, дүнья қарасы бай, раўажланған қәнигелердиң таярлығын тәмийинлеў, олардың искерлигин асырыў, илимий жумысларға бағдарлаў, талантын жүзеге шығарыў сыяқлы ийгиликли мақсетлерди әмелге асырыўда хызмет етеди.

Өзбекистан “Камолот” жаслар жәмийетлик ҳәрекети Қәўендерлик Кеңеси мәжилисиниң 2015-жыл 10-декабрьдеги қарары менен тастыйықланған «Өзбекистан Республикасында 2016-жылы жасларға тийисли мәмлекетлик сиясатты әмелге асырыўға қаратылған қосымша ис-илажлар бағдарламасы»ның жас илимпазлар ҳәм талабалардың «XXI әсир – интеллектуал әўлад әсири» ураны астында аймақлық ҳәм республикалық илимий-әмелий конференциялардын өткериўге қаратылған 14-санлы бәнтинде белгиленген ўазыйпаларды әмелге асырыў **«XXI әсир – интеллектуал әўлад әсири»** ураны астындағы аймақлық (Қарақалпақстан Республикасы ушын) илимий-әмелий конференцияның Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында өткерилиўи үлкен әҳмийетке ийе болды.

Институтта бул конференцияны шөлкемлестириў ҳәм өткериў тастыйықланған ис-илажлар режеси тийкарында әмелге асырылды.

Конференцияның мақсети Өзбекистан Республикасында илим ҳәм технологиялар модернизациясы барысында әмелге асырылып атырған реформалар нәтийжелилигин асырыў, заманагөй илим, билимлендириў, техника ҳәм технологияларды пухта өзлестирген, қурамалы ҳәм кең көлемли ўазыйпаларды шешиўге ылайық болған билимли, жетик жас илимпазларды тәрбиялаўға көмеклесиў, олар арасында бирге ислесиў орталығын раўажландырыў, илимий искерлигин қоллап-қуўатлаў ҳәм хошаметлеў, инновациялық идея ҳәм исленбелерин әмелиятқа енгизиўден ибарат.

Бул конференцияға Қарақалпақстан Республикасы билимлендириў орынлары ҳәм илимий – изертлеў институтларының жас илимпазлары ҳәм талабаларынан социал-гуманитар, тәбийий, анық ҳәм техника илимлери бойынша 295 мақала келип түсти.

Конференцияға келип түскен мақалалардың илимниң әҳмийетли мәселелерине қаратылғанлығы, илимий талқылаў, тийкарында тийисли усыныслар ҳәм пикирлер менен жазылғанлығы эксперт топары тәрепинен көрип шығылды ҳәм белгиленген талапларға жуўап беретуғын мақалалар топламға киргизилди ҳәм баспадан шығарылды.

2016-жылы 10-июнь күни «XXI әсир – интеллектуаль әўлад әсири» ураны астында жас илимпазлар ҳәм талабалардың аймақлық илимий-әмелий конференциясының ашылыўы болып өтти. Конференцияда Өзбекистан Республикасы Президентиниң “Истеъдод” қорының орынлаўшы директоры А.Х.Пардаев, аралықтан оқытыў орайы директоры А.А. Абдуқодиров ҳәм аралықтан оқытыў орайы директоры орынбасары И.А.Хамидовлар қатнасты.

Соң конференция секциялар бойынша баянатлар еки күн даўам етти. Секцияларда қатнасыўшылардың илимий мақалалары ҳәм презентациялары тәжирийбели қәнигелерден дүзилген эксперт топарлары тәрепинен кең түрде талқыланды. Конференция шеңберинде шөлкемлестирилген илимий мақалалар таңлаўында модераторлар ҳәм жас илимпазлар тәрепинен усыныс етилген мақала темасының әхмийетлилиги, оның илимий жаңалығы, әмелий әҳмийети, авторлардың мәселени ашып бере алыўы, олардың сөйлеў шеберлиги баҳаланды ҳәм секция жуўмағы бойынша жеңимпазлар анықланып, олар конференцияны шөлкемлестириў комитети тәрепинен диплом ҳәм ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланды.

Жуўмақлап айтқанда, бүгинги күни елимизде илим ҳәм технологияның жаңа тармақлары, оларды ийелеў менен байланыслы болған кәсиплердиң жаңа бағдарлары пайда болмақта. Оны илимий көрсеткиши дәўир талаплары дәрежесинде раўажланған жаслар раўажландырады.

Бизиң мақсетимиз ўатанды сүйетуғын, өз билими, қәбилетине сүйенетуғын ҳәм еркин заманагөй хабар-коммуникация технологияларынан пайдала алатуғын, елимиздиң ҳәр тәреплеме раўажланыўына үлес қосатуғын, мине, усындай интеллектуал келешек әўладты тәрбиялаўдан ибарат болып табылады.